



# PREVANSYON AK PWOTEKSYON


ITILIZASYON TRÈTMAN AYERYEN  
POU BATAY KONT MOUSTIK

## ÈSKE OU KONNEN?

Lè yo itilize avyon pou trete yon gwo zòn avèk yon ti kantite ensektisid pou touye moustik ki fenk kale osnon gwo moustik, yo rele sa trètman ayeryen. Lè trètman ayeryen fèt daprè tout prensip ki etabli yo, li pa reprezante okenn menas pou lavi moun. Okontrè, li rapid e li efikas pou anpeche moustik simaye virus epi fè moun malad.



Lè n'ap fè tretman, itilize apeprè **1 ons** (2 gwo kiyè) ensektisid pou chak **kawo tè** (apeprè gwosè yon teren foutbòl)



# PREVANSYON AK PWOTEKSYON

## ITILIZASYON TRÈTMAN AYERYEN POU BATAY KONT MOUSTIK

Avan yo itilize ensektisid nan kad trètman ayeryen, syantifik yo etidye nan tout ti detay efikasite ak sekirite pwodwi sa. **Se pou sa, ti kantite ke yo rekòmande pou moun itilize pou kontwòl moustik pa'p rezante okenn danje pou sante moun oswa bêt yo gade lakay.**



Trètman ayeryen se metòd ensektisid syantifik yo plis rekòmande pou moun itilize, espesyalman lè moun tonbe malad akòz viris tankou **Zika, Deng**, oswa **Nil Oksidental**.

Trètman ayeryen an pa mande okenn preparasyon espsyal.



Trètman ayeryen se youn nan fason pou ede redwi popilasyon moustik.



Trètman Ayeryen diminye rapidman kantite moustik ki nan yon zòn, men metòd sa pa repouse moustik yo pou anpil tan.